



Bilten

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



EDITORIAL

P2

KARAVAN NASYONAL AKADEMI KREYÒL AYISYEN

P2

Akademi Kreyòl Ayisyen nan vil Desalin

P3

Akademi Kreyòl Ayisyen nan Miragwàn

P3

AKTIVITE KI REYALIZE NAN MWA ME RIVE SEPTANM 2016

P3

AKA nan inivèsite “Notre Dame, Faculté des Lettres et des Sciences Humaines”

P3

Asanble Jeneral Akademisyen

P4

Jounen nasyonal timoun

P4

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) nan Konferans Anyèl Karayibeyen

P5

Fòmasyon sou lang kreyòl ak pedagoji patisipatif nan syans ak matematik

nan Kanpis Henry Christophe (Limonad), MIT-Ayiti / UEH

P5

Aktivite nan “Centre Culturel et de Recherche pour l’Épanouissement de la Jeunesse (CECREJ)”

P5

Fowòm sou dwa lengwistik timoun lekòl

P6

PWOJÈ AKADEMI AN POU MWA LANG AK KILTI KREYÒL

P6

Pwojè AKA ak UNESCO nan kad Karavan Grandans lan, oktòb 2016

P6

Pwojè AKA ak enstitisyon patnè li yo pou selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl

P6

MESAJ AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA) POU MWA LANG AK KILTI KREYÒL LA (OKTÒB 2016)

P6

ANONS

P7

Akademisyèn Odette Roy Fombrun fete 99 rekòt kafe (jen 2016)

P7

Lanmò Wilhems Édouard, Manm komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen

P7

EDITORIAL

Tout peyi sou latè ki vle pwogrese envesti anpil nan edikasyon. Nan bidjè yo, toujou gen pwovizyon pou sa. Se pa san rezon Nelson MANDELA te ekri: “Edikasyon se pi gwo zam pou chanje mond lan”. Pawòl sa a, ki soti nan bouch yon nonm ki t ap goumen pou libète, fè nou konprann tout peyi ki vle vanse dwe pran wout edikasyon kòm chimen devlopman.

Edikasyon la pou bay tout moun posiblite pou konprann mond lan pi byen, sa vle di, konprann sa ki pase deja, epi pèmèt li devlope kapasite pou yo reflechi pi byen, pou yo poze aksyon k ap itil sosyete kote yo ap viv la. Edikasyon pèmèt moun goumen kont entolerans, enjistis ak tout kalite prejije ki kanpe an kwa pou anpeche pwogre yon kominote. Men, èske Edikasyon sa a ka fèt nan yon lang majorite moun nan popilasyon an pa konprann? Lasyans fèm sou sa : Se nan lang ou konnen ou aprann pi byen. Nou tout sonje kijan nan lane 1986, lang kreyòl la te jwe yon gwo wòl nan chavire diktati a kote pèp la te bouke sibi lenjistis ak tout kalite diskriminasyon. Anpil moun te kontan, gen moun ki te di: “baboukèt la tonbe”. Men, èske se tout baboukèt ki tonbe? Non, nan anpil lekòl, nan anpil enstitisyon nan peyi a, baboukèt la toujou la.

Lè nou konsidere kouman timoun nan lekòl ap sibi vyolans fizik ak vyolans vèbal paske yo pale kreyòl nan klas oswa sou lakou rekreyasyon; lè nou konsidere, jouk jounen jodia, gen moun nan enstitisyon ki gade lòt sou kote lè li pale kreyòl pou li mande yon sèvis; lè nou konsidere sistèm jistis nan peyi a itilize yon lang moun ki vin mande jistis la pa konnen, nou ka di : Ayisyen pa jwi dwa lengwistik li. Misyon prensipal Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se “Defann epi fè pwomosyon dwa lengwistik ak dwa kiltirèl tout Ayisyen”. AKA ap travay pou sansibilize popilasyon an pou li pa kite yo pase dwa li anba pye. Se nan sans sa a, AKA lanse, depi nan mwa fevriye 2016, yon karavàn nasyonal kote li mache toupatou nan peyi a pou li òganize konferans-deba nan lekòl, nan inivèsite, nan bibliyotèk, nan sant kitirèl yo ak nan òganizasyon sosyal yo; epi, nan okazyon rantre lekòl la pou ane akademik 2016-2017 la, li te òganize yon fowòm sou dwa lengwistik timoun lekòl yo.

Nan okazyon Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl la, Akademi an ansanm ak tout patnè li yo, tankou : MENFP, Ministè Kilti, SAKS, FLA, BNE, SEA, elatriye, ap òganize yon seri aktivite depi nan lansman mwa a, nan Pòtoprens (28 septanm) pou rive nan seremoni pou mete bout nan aktivite yo nan vil Jeremi, sou plas Goman (28 oktòb) sou tèm: “ **Mwa oktòb, mwa lang ak kilti kreyòl, Medam, ane sa a, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou !** ” Se nan sans sa a tou, AKA pote kole ak UNESCO pou li pwodui yon dokiman pou sansibilize jèn nan lekòl segondè, nan inivèsite ak nan òganizasyon sosyal yo sou pwoblèm devlopman dirab ak pwoblèm ki konsène sitwayen.

Viv lang kreyòl, Viv Edikasyon, Viv Akademi Kreyòl Ayisyen !

Sekretarya Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen

KARAVÀN NASYONAL AKADEMI KREYÒL AYISYEN

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te lanse nan mwa fevriye 2016 la yon karavàn nasyonal nan vil Gonayiv sou tèm : « **Defans ak pwomosyon lang kreyòl, dwa lengwistik ak dwa kiltirèl tout Ayisyen** ». Depi jou sa a, Akademi an ap mache kontre popilasyon an pou li sansibilize li sou Dwa lengwistik ak Dwa kiltirèl li yon mannyè pou popilasyon an jwenn sèvis nan lang li epi pou li pa sibi okenn diskriminasyon lè li pale lang li.

Akademi Kreyòl Ayisyen nan vil Desalin

Jou madi 12 avril 2016 la, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te patisipe nan lansman ofisyèl Kanpay sou Edikasyon sitwayen gras ak envitasyon Madam Suzette Jean Charlot, Enspektris nan BDS (Bureau du District Scolaire) vil Desalin.

Prezidan Konsèy AKA a, Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste ak Akademisyen Samuel Jean-Baptiste te prezante yon konferans-deba sou dwa lengwistik chak Ayisyen, soti 11è nan maten pou rive 1è nan apremidi. Te genyen anviwon 30 moun ki te patisipe nan konferans-deba sa a, pami yo: direktè lekòl, enspektè, elèv lekòl ak lòt jèn ki te vini nan bibliyotèk « Centre de Lecture et d'Animation Culturelle (CLAC) » la. Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste te pale sou kreyasyon Akademi an, misyon li ak aktivite li reyalize deja. Akademisyen Samuel Jean-Baptiste te pale sou dwa lengwistik Ayisyen. Li te pwofite fè piblik la konprann Akademi an la pou li akonpaye popilasyon an pandan li ap travay pou chak Ayisyen jwenn sèvis li bezwen nan lang li konnen pi byen an ki se lang kreyòl la, lang majorite moun nan popilasyon an itilize. Dapre li, tout otorite nan Leta a ta dwe itilize lang pèp la pou kominike avèk li. Tout sa antre nan respè dwa popilasyon an. Sitwayen an gen devwa, men li gen dwa tou. Yonn nan dwa fondamantal li genyen yo merite respekte, se dwa pou li esprime li nan lang li epi pou li jwenn sèvis nan lang li san yo pa meprize li, san li pa viktim okenn fòm diskriminasyon. Konferans-deba sa a te fini ak anpil kesyon, entèraksyon ant jèn yo ak Akademisyen yo.



AKA nan Miragwàn, 4 dawou 2016
Sous foto: Achiv AKA

Akademi Kreyòl Ayisyen nan Miragwàn

Jou madi 4 dawou 2016 la, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te ale fè yon konferans-deba nan Miragwàn kote li te tou pwofite fè espozisyon liv ak dokiman kreyòl.

Objektif konferans-deba sa a se fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl. Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste te prezante istorik Akademi an epi li te fè yon ti rale sou lang kreyòl la ak Konstitisyon peyi a; Akademisyen Guy-Gérald Menard te prezante òganigram Akademi an; Akademisyen Samuel Jean-Baptiste te enfòmè patisipan yo sou aktivite Akademi an reyalize deja ak pwojè li genyen yo; epi Akademisyen Christian Plancher te raple patisipan yo misyon Akademi an pandan li te pwofite enfòmè yo Akademi an lanse yon karavàn nasyonal nan mwa fevriye 2016 la sou tèm «Defans ak pwomosyon lang kreyòl, dwa lengwistik ak dwa kiltirèl tout Ayisyen », yon manyè pou li rive touche tout dis (10) depatman peyi a. Patisipan yo te kontan akeyi inisyativ sa a epi yo espere kenbe bonjan relasyon ak Akademi an.

AKTIVITE KI REYALIZE NAN MWA ME RIVE SEPTANM 2016

AKA nan inivèsite “Notre Dame, Faculté des Lettres et des Sciences Humaines”



AKA nan inivèsite «Notre Dame», 13 me 2016
Sous foto : Achiv AKA

Nan dat ki te vandredi 13 me 2016 la, responsab Faculté des Lettres et des Sciences Humaines yo (FLESH),

“Université Notre Dame d’Haïti (UNDH)”, te envite Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) prezante yon konferans-deba nan lokal fakilte a. Konferans-deba sila a te gen kat (4) Akademisyen kòm entèvenan : Madam Rodny Esteus, Mesye Jean Pauris Jean-Baptiste, Mesye Fritz Deshommes ak Mesye Pierre Michel Chéry. Entèvenan yo te pale sou kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an, wòl li ak enpòtans lang kreyòl la nan sosyete a. Objektif konferans sa a se te prezante Akademi an ak travay li gen pou li fè nan peyi a nan kad misyon li ki se « **Defann dwa lengwistik ak dwa kiltirèl tout Ayisyen** », epi wòl chak Ayisyen gen pou li jwe nan vansman lang kreyòl la. Te genyen anviwon 50 moun ki te patisipe nan konferans-deba sa a tankou : pwofesè, mè, pè ak etidyan fakilte a. Se avèk anpil kè kontan Dwayen fakilte a, Pè Gasner Joint, te resevwa ekip AKA a pandan li swete toujou gen echanj sa yo ant FLESH ak Akademi an.

Asanble Jeneral Akademisyen



Asanble jeneral Akademisyen, 4 jen 2016 / Sous foto : Archiv AKA

Konsèy Akademisyen Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te òganize dezyèm asanble jeneral estwòdinè li 3-4 jen 2016 nan otèl «Le Plaza» (Channmas). Objektif asanble jeneral sa a se te travay sou rapò revizyon òtograf lang kreyòl la. Pandan de (2) jou asanble sa a, Akademisyen yo te pwofite travay sou « Règleman entèn Akademi an ».

Nan seyans sa a, Akademisyen yo mete yo dakò pou adopte alfabè 1979 la. Konsa, alfabè a rete ak 32 siy ; *a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z*. Men, pa gen tirè (-) ankò ant non yo ak detèminan yo: fi a, nèg la, fanm nan ; pa gen tirè ankò ant fòm adjektif posesif yo ak non

yo : papa li, pitit mwen, pitit mwen an ; pa gen tirè ant vèb ak pwonon kout yo : vini m pale w. Pa gen rekòmandasyon espesyal sou itilizasyon fòm long oswa fòm kout nan pwonon yo. Konsa tou, pa gen apostwòf ditou nan nenpòt ka : m ap vini, l al lekòl, soulye m. Gen lòt konsiderasyon ankò ki ap soti nan premye rapò sa a sou revizyon òtograf la. Akademi an genyen pou li mete ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pou li pibliye premye rezolisyon sa yo ki soti nan asanble a sou òtograf ofisyèl lang kreyòl la. Akademisyen yo kontinye ap travay sou òtograf la sou lòt fòm gramè ki poze pwoblèm nan ekriti lang nan tankou: non vil yo, nonb ki dwe ekri ak lèt, mo ki dwe ekri kole oswa detache, elatriye.

Règleman entèn Akademi an toujou nan deba nan mitan Akademisyen yo, se nan asanble jeneral nan mwa desanm 2016 la yo ap finalize dosye sa a.

Jounen nasyonal timoun

Après Asanble Jeneral Nasyonzini te adopte konvansyon sou dwa timoun nan dat 20 novanm 1989 la, chak peyi te lib pou li chwazi yon dat pou selebre jounen nasyonal timoun. An Ayiti, nou fete jounen timoun chak dezyèm dimanch mwa jen. Ane sa a, jounen dwa timoun nan te tonbe 12 jen. Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ki gen misyon pou li defann dwa lengwistik tout Ayisyen (timoun, jenn moun, granmoun) te panse li enpòtan pou li make jounen sa a. Nan sans sa a, Akademi an te fè de (2) semèn sansibilizasyon nan radyo ak televizyon sou dwa lengwistik timoun, soti 8 rive 16 jen sou tèm : « **An nou respekte dwa lengwistik tout timoun** ». Akademisyen yo te pwofite okazyon sa a pou fè tout moun pran konsyans timoun se moun menm jan ak tout moun. Yo gen dwa pou yo jwi tout dwa yo kòm moun san nou pa neglije dwa lengwistik yo. Timoun gen dwa pou yo pale, pou yo di sa yo panse nan lang yo pi alèz la ki se lang manman yo ak papa yo. An Ayiti lang sa a se lang kreyòl.

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) nan Konferans Anyèl Karayibeyen

Akademi Kreyòl Ayisyen te patisipe nan 41^{em} Konferans Anyèl Karayibeyen ki te fèt pou premye fwa an Ayiti, soti 6 pou rive 11 jen 2016 nan otèl Marriott.

Jou ki te lendi 6 jen 2016 la, Akademi an te fè yon jounen espozisyon liv ak dokiman kreyòl nan objektif pou fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la. A 10è nan maten, Akademi an te prezante yon konferans sou lang kreyòl ayisyen an. Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste te prezante istwa òtograf lang kreyòl la ak Refòm Bernard 1979 la; Akademisyèn Adeline M. Chancy te pale sou tout batay li mennen an Ayiti kou lòt bò dlo pou pèmèt lang kreyòl la jwenn plas li merite a; Akademisyen Marky Jean-Pierre ak Mesye Nelson Martineau (Direktè syantifik nan AKA) te fè yon kou entansif sou lang kreyòl ayisyen an paske te gen anpil etranje divès nasyonalite ki te la.

Jou jedi 9 jen 2016 la, Akademisyen Marky Jean Pierre te fè yon analiz an kreyòl sou woman « Mèt Lawouze » (Gouverneur de la Rosée, Jacques Roumain), kote li te pale sou fòm ekriti liv la ki lyannen lang ak kilti peyi a. Patisipan yo te satisfè anpil de tout aktivite sa yo Akademi an te reyalize nan kad 41^{em} Konferans Anyèl Karayibeyen an.

Fòmasyon sou lang kreyòl ak pedagoji patisipatif nan syans ak matematik nan Kanpis Henry Christophe (Limonad), MIT-Ayiti / UEH

Prezidan Audalbert Bien-Aimé (Campus Henry Christophe, Limonade, Université d'État d'Haïti : « CHCL-UEH ») ansanm ak Akademisyen Michel DeGraff (Direktè Inisyativ MIT-Ayiti) te òganize 2 semèn aktivite (13–24 jen 2016) nan CHCL-UEH sou enpòtans kreyòl ak pedagoji patisipatif nan ansèyman syans ak

matematik. Objektif patenarya sa a se rive fè tout moun konprann ki jan kreyòl la se yon zouti ki dwe ede tout popilasyon an jwenn bon jan edikasyon, enfòmasyon ak tout lòt sèvis.

Aktivite sa yo te fèt nan de (2) tan : Soti 13 rive 16 jen 2016, se te atelye fòmasyon pou 43 pwofesè sou pedagoji patisipatif nan syans ak matematik. Sijè fòmasyon an se te : « Edikasyon ki san baryè e ki kore ak teknoloji ». Pifò nan patisipan yo se te pwofesè matematik, fizik, chimi oswa biyoloji nan inivèsite ak nan lekòl segondè toupatou nan peyi a. Atelye MIT-Ayiti sa yo kontinye ap montre tout avantaj ki genyen nan sèvi ak pedagoji ki chita sou aprantisaj patisipatif. Metòd sa yo, lè yo mare zantray yo ak lang kreyòl la, egal bon jan ansèyman. Konsa, etidyan yo pral vin pi maton e pi kreyatif nan syans ak matematik. Lasyans deja di nou se nan lang manman ak papa yo etidyan yo ka reflechi e aprann pi byen epi patisipe tout bon vre nan brase lide an gwoup sou sa y ap aprann nan.

Soti 20 rive 24 jen 2016, MIT te kole zepòl avèk CHCL-UEH pou yo amelyore didaktik, kourikoulòm ak zouti pou ansèyman kreyòl, matematik, fizik ak syans edikasyon. Epi tou, yo te brase lide sou nesite ki genyen pou yo mete sou pye yon ekip ki pou kore bon jan pedagoji nan CHCL-UEH ak nan lòt enstitisyon akademik nan zòn Nò a. Yonn nan pi gwo travay yo te rive fè se te òganize laboratwa fizik ki djanm epi planifye preparasyon dokiman an kreyòl pou kore aprantisaj etidyan yo sou baz aktivite pratik ak esperimantasyon. Nan menm semèn sa a, yo te òganize atelye fòmasyon sou plan kou, sou pedagoji patisipatif epi sou matematik avèk anviwon 200 etidyan. Bò kote pa li, Akademisyen Michel DeGraff te pwofite mennen 2 fowòm deba sou enpòtans lang kreyòl la nan ansèyman ak nan administrasyon inivèsite yo, paske se kreyòl la ki se sèl zouti ki ka trase bon jan wout pou konesans, richès ak lajistis toupatou nan peyi a.

Aktivite nan “Centre Culturel et de Recherche pour l'Épanouissement de la Jeunesse (CECREJ)” ▶ paj 6

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), sou Aenvitasyon CECREJ, te ale patisipe nan yon atelye sou pwezi kreyòl jou vandredi 19 dawou 2016 la. Akademisyen Claude C. Pierre te pale sou kont, woman, resi, pwoz, elatriye. Apre konferans lan, li te mande patisipan yo ekri tèks epi li fè yo li sa yo ekri a pou li analize li ansanm ak yo. CECREJ pral sèvi ak tèks sa yo pou li pibliye yon rekèy. Patisipan yo te montre yo satisfè anpil de konferans lan ak seyans egzèsis la.

Fowòm sou dwa lengwistik timoun lekòl



Fowòm sou dwa lengwistik timoun lekòl, 16 septanm 2016 / Sous foto : Achiv AKA

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) an sanm ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl,

Office de la Protection du Citoyen, Institut du Bien-Etre Social et de Recherches, Fakilte Lengwistik Aplike, te òganize yon fowòm sou dwa lengwistik timoun lekòl sou tèm: "An nou respekte dwa lengwistik timoun yo!" nan dat 16 septanm 2016 nan otèl Le Plaza (Chanmas). Akademi an te lanse aktivite sa a paske nan mwa fevriye 2016 la li te resevwa temwayaj kèk responsab òganizasyon dwa timoun ak òganizasyon pwofesè lekòl ki denonse vyolans yo ap fè sou timoun lè yo pale kreyòl nan lekòl yo. Aktivite sa a te reyini anviwon 120 moun, pami yo, plizyè pèsonalite : Minis Edikasyon Nasyonal, Majistra Pòtoprens ak Majistra vil Desalin, Direktè Jeneral enstitisyon leta yo, direktè lekòl, pwofesè, sosyològ, travayè sosyal, enspektè, avoka, elatriye.

Aprè yon jounen brase lide, patisipan yo adopte yon ansanm rezolisyon nan objektif pou ankouraje responsab yo nan sosyete a pote chanjman nan sistèm edikasyon an pou byennèt ak devlopman timoun yo kòmsadwa. Akademi

an genyen pou li pibliye rezolisyon yo nan tout enstitisyon peyi a.

PWOJÈ AKADEMI AN POU MWA LANG AK KILTI KREYÒL

Pwojè AKA ak UNESCO nan kad Karavàn Grandans lan, oktòb 2016

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) siyen yon patenarya jou ki te jedi 11 dawou 2016 la ak UNESCO sou yon pwodiksyon an kreyòl sou devlopman dirab ak edikasyon pou sitwayen.

Nan kad patenarya sa a, Akademi an genyen pou li elabore yon dokiman an kreyòl pou sansibilizasyon nan lekòl segondè yo, nan inivèsite ak nan òganizasyon sosyal yo sou pwoblèm devlopman dirab ak pwoblèm ki konsène sitwayen. Dokiman sa a pral ede chak sitwayen konnen kouman li kapab patisipe nan kesyon devlopman dirab an Ayiti. Dokiman sa a tou se yon mwayen pou devlope yon tèminoloji an kreyòl sou kesyon devlopman dirab la.

Pwojè AKA ak enstitisyon patnè li yo pou selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ansanm ak tout patnè li yo: Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonel (MENFP), Ministè Kilti, Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (SEA), Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), Biwo Nasyonal Etnoloji (BNE) ap òganize avèk kolaborasyon UNESCO yon mwa aktivite nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl la (28 oktòb). Akademi an ap lanse aktivite mwa lang kreyòl la jou k ap 30 septanm 2016 la nan Biwo Nasyonal Etnoloji (BNE) sou tèm : **Mwa oktòb, mwa lang ak kilti kreyòl, Medam, ane sa a, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou !** Jou k ap 28 oktòb 2016 la, Akademi an ap òganize yon gwo koudjay kiltirèl sou plas Goman nan vil Jeremi. AKA ap tou

pwofite fè yon konferans-deba nan Dam Mari ak nan Koray (Grandans).

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) envite tout moun patisipe nan aktivite li menm ak patnè li yo ap òganize pou selebre mwa lang ak kilti kreyòl la.

MESAJ AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA) POU MWA LANG AK KILTI KREYÒL LA (OKTÒB 2016)

1983-2016, deja 33 ane depi BANNZIL KREYÒL, yon gwoup entèlekyèl, chèchè, kreyolis te chwazi 28 oktòb pou selebre LANG ak KILTI KREYÒL nan tout peyi kreyolofòn yo. Se konsa, depi kreyasyon li, an 2014, AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA) toujou reyalize yon mwa aktivite sou defans dwa lengwistik ak dwa kiltirèl tout Ayisyen nan okazyon Jounen entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl la. Nan sans sa a, Akademi an ankouraje tout enstitisyon, leta kou prive, pou yo òganize kòlòk, konferans/deba, espozisyon pwodui lokal, espozisyon liv kreyòl, pou leve banyè lang ak kilti kreyòl la pi wo toujou.

Akademi an ansanm avèk tout patnè li yo tankou: *Ministè Kilti, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Sekreteri Leta pou Alfabetizasyon, Fakilte Lengwistik Aplike, Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal, Fondasyon Maurice Sixto, Biwo Nasyonal Etnoloji* kontan anonse nou tèm mwa a pou ane 2016 la:

Mwa oktòb, mwa Lang ak Kilti Kreyòl, Ane sa a, Medam, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou !

Pandan tout mwa oktòb la, Akademi an ap òganize anpil aktivite pou sansiblize popilasyon an sou enpòtans lang ak kilti kreyòl nan devlopman sosyete a. Akademi an ak patnè li yo plis fòkis sou medam yo ane sa a pou pote flanbo lang kreyòl la paske medam yo se potomitan fanmi an. Lafanmi ak Lekòl se baz sosyalizasyon timoun yo nan lang yo.

Akademi an ak patnè li yo ap reyalize konferans/deba nan inivèsite, nan lekòl, nan bibliyotèk, nan sant kiltirèl; emisyon nan radyo ak televizyon; espozisyon liv ak dokiman kreyòl nan tout peyi a. Men, Karavàn AKA a ap selebre 28 oktòb 2016, Jounen entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl, sou plas Goman nan Vil Jeremi pandan l ap tou pwofite pase nan lòt vil nan Grandans tankou Koray ak Dammari.

Nan okazyon sa a, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ap mande nou tout Ayisyen pou nou:

- Veye pou tout sèvis vin jwenn nou nan lang nou
- Veye pou edikasyon timoun nou yo fèt nan lang yo pi alèz la, nan lang yo leve, yo grandi a ki se lang kreyòl la
- Veye pou yo pa foule dwa lengwistik ak dwa kiltirèl nou anba pye
- Veye pou otorite yo sèvi ak lang kreyòl la kòm zouti pou devlopman peyi a

Se pou nou tout Ayisyen alèz pou nou pale kreyòl paske se lang zantray nou!

ANONS

Akademisyèn Odette Roy Fombrun fete 99 rekòt kafe (jen 2016)



*Akademisyèn Odette Roy Fombrun
Sous foto : Entènèt*

Akademisyèn Odette Roy Fombrun fete 99^{em} rekòt kafe li jou ki te lendi 13 jen 2016 la. Madam F o m b r u n travay anpil nan kesyon e d i k a s y o n sitou nan edikasyon sivik.

Li ekri anpil liv sou edikasyon sivik, istwa peyi nou ak plizyè kont pou timoun. Nan zèv li yo,

li toujou fè pwomosyon pou konbit, pou lang ak kilti kreyòl la. Madam Fombrun se yonn nan sitwayen ki te patisipe nan Asanble Konstitisyon 1987 la epi li se yonn nan konstitisyonalis ki te pote atik 213 la ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an. Nan mwa jiyè 2016 la, li lanse Konbit pou Ayiti Pwòp (KAP). Mouvman konbit sa a se yon eritaj pou jenerasyon ki la kounye a ak sa k ap vini yo.

Akademi an swete pou nouvo rekòt kafe sa a pote plis fòs ak kouraj pou Akademisyèn Odette Roy Fombrun kontinye lite pou lang ak kilti kreyòl la. Akademi Kreyòl Ayisyen ap di Madam Odette Roy Fombrun, kenbe fèm, pa lage!

Lanmò Wilhems Édouard, Manm komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen



Mesye Wilhems Edouard
Sous foto : Entènèt

Se avèk anpil lapenn, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) resevwa nouvel lanmò Wilhems Édouard jou vandredi 8 jiyè 2016 la.

Wilhems Édouard te manm premye Komite ki te gen objektif mete Akademi Kreyòl Ayisyen an kanpe. Li te reprezante Près Nasyonal kote li te Direktè Jeneral nan epòk sa a. Se komite sa a ki te siyen deklarasyon ofisyèl pou mande kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an, nan okazyon 28^{èm} Jounen entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl nan lane 2010. Kòm entèlektiyèl ayisyen, Wilhems Édouard te konprann kèlkeswa sa li t ap antreprann, fòk li te pote kichòy ki ka itil sosyete a, ki ka itil peyi a. Pa egzanp, kreyasyon *Koleksyon Souf Nouvo* an 2008 ki fè zèv ekriyen ayisyen ki deyò peyi a rantr nan patrimwàn peyi a, pwojè transfere tout lwa peyi a depi 1804 sou sipò elektwonik, refleksyon li devlope pou pwoteksyon dwa otè yo, kreyasyon Fondasyon Maurice Sixto, elatriye. Nan mwa oktòb 2008, sou direksyon Wilhems Edouard, Près Nasyonal te pèmèt kreyòl la rantr pi fon nan literati kote li te pibliye anpil zèv kreyòl epi li te mete gwo afich ak foto otè yo nan tout peyi a. Mesye Édouard te yonn nan moun ki toujou ap mande pou genyen yon vrè amenajman lengwistik nan peyi a.

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ap montre tout respè li genyen pou valè pèsonalite enpòtan sa a te genyen nan sosyete a, pandan li ap pwofite mande tout sitwayen pou yo kontinye travay pou tout kòz ki jis pou peyi a.

Ekip bilten an

Pwodiksyon

Direksyon kominikasyon AKA

Kòdinasyon

Lucka Jouthe BEAUVIL
Direktris Kominikasyon

Redaksyon

Mideline DRAGON
Teknisyen Kominikasyon

Emmanuel LAFALAISE
Teknisyen Kominikasyon

Revizyon

Jean Grégory CALIXTE
Akademisyen

Christophe Jacques Philippe
CHARLES
Akademisyen

Luna GOURGUE
Sekretè Egzekitif

Konsepsyon

Herold JOSEPH
Enfografis / Responsab Enfòmatrik

Piblikasyon

Sekretarya Egzekitif AKA

Remak

Pa gen rekòmandasyon espesyal sou itilizasyon fòm long oswa fòm kout nan pwonon yo, tankou jan sa te parèt nan bilten enprime a.

Akademi Kreyòl Ayisyen

#6 Ri "des Marguerites, Turgeau", Pòtoprens, Ayiti
(509)3333-0815 / 3333-0818 / 2817-5965
enfomasyon@akademikreyol.net
www.facebook.com/akademi.kreyol
www.akademikreyol.net